



## N AP VOYE YON DOKIMAN TAKS ENPÒTAN POU OU

**Oumenm oswa yon fanmi ou te enskri nan asirans sante men pa te resevwa èd pou peye li pou on pati oswa pou tout ane 2019 lan epi ou ka bezwen fòm sa a pou deklarasyon taks federal ou**

Oumenm oswa yon manm fanmi ou te gen asirans sante avèk NY State of Health nan ane 2019 lan men ou pa te resevwa èd pou peye pou on pati oswa pou tout asirans la nan lane 2019 lan. Selon revni ou, ou ka toujou kapab resevwa èd finansyè nan peryòd taks la. Èd la ap vini sou fòm yon kredi taks (ki rele tou Kredi Taks pou Pèman Asirans oswa PTC (Premium Tax Credit)) ki kapab ogmante ranbousman ou oswa diminye kantite lajan taks ou dwe pou taks federal sou revni ou pou ane 2019.

Lè ou ranpli fòm deklarasyon taks federal sou revni ou, itilize Fòm IRS 8962 pou detèmine si ou kapab resevwa èd sa a. Si Fòm IRS 8962 di w revni ou plis pase 400% Liy Pòvrete Federal (Federal Poverty Line, FPL) la, ou pa kalifye pou èd la. Ou kapab jwenn Fòm 8962 sou sitwèb [www.irs.gov](http://www.irs.gov).

---

**MEN KIJAN POU JWENN ÈD LA** Si revni ou nan oswa anba 400% Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL) la, men kijan pou jwenn èd la. Lè ou ranpli fòm deklarasyon taks federal ou, ranpli Fòm IRS 8962 avèk Fòm 1095-A ak Tablo Pèman asirans ki vin ak dokiman sa. Fòm IRS 8962 ap fè ou konnen ki kantite èd ou kapab resevwa.

---

## LI ENPÒTAN POU OU POU KONNEN...

**POUKISA OU KA JWENN LÒT FÒM YO** W ap resevwa yon Fòm 1095-A pou chak plan sante Bwonz, Ajan, Lò oswa Platin oumenm oswa yon manm nan fanmi ou te enskri pou li pandan 2019. Ou pral jwenn plis pase yon Fòm 1095-A si ou te gen chanjman nan asirans NY State of Health ou a pandan 2019. Yo pa voye Fòm 1095-A pou Plan Katastwòfik oswa pou Medicaid, pou Child Health Plus, oswa pou Essential Plan paske plan sa yo pa kalifye pou kredi taks.

Anplis Fòm 1095-A, li posib pou ou jwenn lòt fòm taks enpòtan. Fòm sa yo se Fòm 1095-B ak Fòm 1095-C.

Si ou menm oswa yon manm fanmi ou te enskri nan Medicaid, nan Child Health Plus oswa nan Essential Plan nan New York nan yon moman nan ane 2019 lan, w ap resevwa Fòm 1095-B nan Eta New York. Si ou te enskri nan lòt kalite asirans yo tankou yon Plan Katastwòfik, Medicare Pati A oswa Pati C, TRICARE, avantaj nan Department of Veterans Affairs, oswa sèten asirans sante patwon ou patwone - w ap resevwa Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C lòt kote. NY State of Health bay Fòm 1095-A a sèlman epi yo pa bay Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C a.

**FASON POU JWENN REpons POU KESYON OU YO** Si ou panse nou te fè yon erè nan Fòm 1095-A ou, rele NY State of Health **san pèdi tan nan nimewo 1-855-766-7860** pou nou kapab korije dosye a.

Si ou gen kesyon sou Fòm 1095-A, sou kredi taks oswa Tablo Pèman Asirans la ki vin ak dokiman sa, **ale sou sitwèb <http://info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits>, rele NY State of Health nan 1-855-766-7860, oswa rele Liy Èd Defansè Sante Kominote (Community Health Advocate) nan nimewo 1-888-614-5400.**

Si ou gen yon kesyon konsènan fòm taks 1095-B oswa 1095-C ou ka te resevwa, rele nimewo ki endike sou fòm sa yo.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 8962 oswa si ou gen lòt kesyon ki konsène taks, ale sou sitwèb **[www.irs.gov](http://www.irs.gov)**.

---

## **FASON POU UTILIZE TABLO KI VINI AK DOKIMAN SA A POU JWENN PRI PA MWA DEZYÈM PÈMAN ASIRANS PLAN AJAN KI PI BON MACHE A (SECOND LOWEST COST SILVER PLAN, SLCSP) POU FÒM 8962.**

### **Etap 1.**

Jwenn konte kote ou t ap viv pandan chak mwa nan ane 2019 lan.

### **Etap 2.**

Jwenn tit kolòn (antravè) ki pi byen dekri asirans fanmi ou. Lis ki anba la a ap ede ou jwenn bon tit la. Asirans fanmi ou gen ladan tout moun ki sou taks lakay ou ki te enskri nan yon plan sante kalifye NY State of Health epi ki retire nenpòt moun ki te kalifye pou lòt asirans tankou: Medicaid, Child Health Plus, Plan Esansyèl la, Medicare Pati A oswa Pati C, TRICARE, avantaj nan Depatman Afè Ansyen Militè (Department of Veterans Affairs), ak pifò asirans patwon patwone.

### **Etap 3.**

Chwazi kantite dola nan kolòn ki anfas konte ou a. Kantite sa se pèman pa mwa Dezyèm Plan Ajan Ki Pi Bon Mache (Second Lowest Cost Silver Plan, SLCSP) ki aplikab pou konte ou ak asirans fanmi ou pou mwa sa.

Si ou te kite yon konte pou ale rete nan yon lòt pandan ane 2019 la, ou dwe chwazi pèman pa mwa pou chak mwa ou t ap viv nan chak Konte. Epitou si asirans fanmi ou te chanje pandan ane 2019 lan, ou dwe chwazi pèman pa mwa ki apwopriye a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ranpli fòm sa a, li Piblikasyon IRS 974 ak enstriksyon pou Fòm IRS 8962.

## ASIRANS FANMI OU GEN LADAN ...

## ITILIZE KOLÒN ...

---

**OUMENM.** Ou se sèl moun ki nan asirans fanmi ou.

**MOUN**

---

**OUMENM plis MADANM/MARI OU.** Oumenm ak madanm/mari ou nan menm asirans fanmi an.

**KOUP**

---

**OUMENM plis MADANM/MARI OU.** Oumenm ak madanm/mari ou enskri nan menm plan an **men youn nan nou te gen aksè ak lòt "asirans esansyèl minimòm" (minimum essential coverage, MEC), tankou asirans patwon ou bay la.**

**MOUN**

---

**OUMENM plis PATNÈ NAN KAY OU\*.** Oumenm ak patnè nan kay ou enskri nan **menm** plan an men nou nan asirans fanmi ki diferan.

**MOUN**

---

**OUMENM plis TIMOUN (YO).** Oumenm ak timoun ou (yo) enskri nan menm plan an.

**MOUN + TIMOUN YO**

---

**OUMENM plis TIMOUN (YO).** Oumenm ak yon timoun enskri nan menm plan an **men timoun ou a te gen aksè ak lòt asirans esansyèl minimòm (minimum essential coverage, MEC).**

**MOUN**

---

**OUMENM, MADANM/MARI\*\* ou plis TIMOUN (YO).** Ou menm, madanm/mari ak timoun ou (yo) enskri nan menm plan an.

**KOUP + TIMOUN YO**

---

**YON TIMOUN Sèlman.** Timoun ou a poko gen laj 21 ane epi li enskri nan plan pa li.

**TIMOUN SÈLMAN**

\* Si patnè ki nan kay ou fè pati taks pou moun kay ou an, ou ka itilize kolòn "KOUP" la nan plas kolòn "MOUN" la.

\*\*Si patnè ki nan kay ou fè pati taks pou moun kay ou an, ou ka itilize kolòn "KOUP+TIMOUN" nan tou nan senaryo sa a.

**Pèman pa Mwa pou Asirans ane 2019 la pou Dezyèm Plan Ajan ki pi Bon Mache yo (Second Lowest Cost Silver Plans, SLCSP), dapre tip Asirans Fanmi**

<b>Tip Asirans:</b>			<b>Timoun ki poko gen 26 lane ki sou kont ou</b>		<b>Timoun ki gen ant 26 ak 29 lane ki sou kont ou</b>		
<b>Konte</b>	<b>Moun</b>	<b>Koup</b>	<b>Moun + Timoun (yo)</b>	<b>Koup + Timoun (yo)</b>	<b>Moun + Timoun(yo)</b>	<b>Koup + Timoun(yo)</b>	<b>Timoun Sèlman * Anba 21</b>
Albany	\$546.26	\$1,092.53	\$939.58	\$1,568.12	\$947.35	\$1,581.16	\$240.19
Allegany	\$523.46	\$1,046.91	\$906.04	\$1,512.04	\$922.10	\$1,538.98	\$238.88
Bronx	\$575.18	\$1,150.36	\$977.81	\$1,639.27	\$1,004.82	\$1,684.56	\$236.97
Broome	\$632.53	\$1,265.07	\$1,091.17	\$1,822.55	\$1,101.77	\$1,840.32	\$283.98
Cattaraugus	\$523.46	\$1,046.91	\$906.04	\$1,512.04	\$922.10	\$1,538.98	\$238.88
Cayuga	\$632.53	\$1,265.07	\$1,091.17	\$1,822.55	\$1,101.77	\$1,840.32	\$288.98
Chautauqua	\$523.46	\$1,046.91	\$906.04	\$1,512.04	\$922.10	\$1,538.98	\$238.88
Chemung	\$636.38	\$1,272.77	\$1,097.71	\$1,833.52	\$1,117.97	\$1,867.49	\$301.30
Chenango	\$627.15	\$1,254.31	\$1,086.21	\$1,805.36	\$1,096.64	\$1,822.84	\$285.21
Clinton	\$622.15	\$1,244.30	\$1,072.80	\$1,792.06	\$1,083.23	\$1,809.54	\$285.21
Columbia	\$546.26	\$1,092.53	\$939.58	\$1,568.12	\$947.35	\$1,581.16	\$240.19
Cortland	\$632.53	\$1,265.07	\$1,091.17	\$1,822.55	\$1,101.77	\$1,840.32	\$288.98
Delaware	\$625.37	\$1,250.73	\$1,063.12	\$1,782.29	\$1,116.28	\$1,871.41	\$284.10
Dutchess	\$689.57	\$1,379.15	\$1,172.28	\$1,965.29	\$1,207.45	\$2,024.25	\$284.10
Erie	\$503.59	\$1,007.17	\$872.25	\$1,455.41	\$874.04	\$1,458.41	\$238.88
Essex	\$550.90	\$1,101.80	\$956.57	\$1,588.03	\$958.50	\$1,591.28	\$246.09
Franklin	\$627.15	\$1,254.31	\$1,086.21	\$1,805.36	\$1,096.64	\$1,822.84	\$285.21
Fulton	\$547.78	\$1,095.57	\$951.74	\$1,579.57	\$959.51	\$1,592.61	\$246.09
Genesee	\$505.08	\$1,010.15	\$874.78	\$1,459.65	\$883.21	\$1,473.78	\$232.80
Greene	\$547.78	\$1,095.57	\$951.74	\$1,579.57	\$959.51	\$1,592.61	\$245.19
Hamilton	\$627.15	\$1,254.31	\$1,086.21	\$1,805.36	\$1,096.64	\$1,822.84	\$285.21
Herkimer	\$627.15	\$1,254.31	\$1,086.21	\$1,805.36	\$1,096.64	\$1,822.84	\$301.52
Jefferson	\$622.15	\$1,244.30	\$1,072.80	\$1,792.06	\$1,083.23	\$1,809.54	\$285.21
Kings	\$575.18	\$1,150.36	\$977.81	\$1,639.27	\$1,004.82	\$1,684.56	\$236.97
Lewis	\$624.75	\$1,249.51	\$1,082.13	\$1,798.53	\$1,096.64	\$1,822.84	\$285.21
Livingston	\$482.19	\$964.38	\$839.64	\$1,392.08	\$847.59	\$1,405.43	\$217.39
Madison	\$627.15	\$1,254.31	\$1,086.21	\$1,805.36	\$1,096.64	\$1,822.84	\$285.21
Monroe	\$477.66	\$955.32	\$828.24	\$1,381.59	\$836.19	\$1,394.94	\$217.39

<b>Tip Asirans:</b>			<b>Timoun ki poko gen 26 lane ki sou kont ou</b>		<b>Timoun ki gen ant 26 ak 29 lane ki sou kont ou</b>		
<b>Konte</b>	<b>Moun</b>	<b>Koup</b>	<b>Moun + Timoun(yo)</b>	<b>Koup + Timoun (yo)</b>	<b>Moun + Timoun (yo)</b>	<b>Koup + Timoun (yo)</b>	<b>Timoun Sèlman * Anba 21</b>
Montgomery	\$546.39	\$1,092.77	\$945.42	\$1,577.91	\$947.35	\$1,581.16	\$258.66
Nassau	\$587.69	\$1,175.39	\$999.08	\$1,674.94	\$1,004.82	\$1,684.56	\$249.33
New York	\$575.18	\$1,150.36	\$977.81	\$1,639.27	\$1,004.82	\$1,684.56	\$236.97
Niagara	\$503.59	\$1,007.17	\$872.25	\$1,455.41	\$874.04	\$1,458.41	\$238.88
Oneida	\$573.23	\$1,146.45	\$989.62	\$1,652.62	\$1,003.95	\$1,676.62	\$285.21
Onondaga	\$611.32	\$1,222.64	\$1,055.11	\$1,762.09	\$1,074.57	\$1,794.71	\$289.68
Ontario	\$477.66	\$955.32	\$828.24	\$1,381.59	\$836.19	\$1,394.94	\$217.39
Orange	\$689.57	\$1,379.15	\$1,172.28	\$1,965.29	\$1,207.45	\$2,024.25	\$284.10
Orleans	\$508.98	\$1,017.96	\$884.45	\$1,467.78	\$892.88	\$1,481.91	\$244.07
Oswego	\$622.15	\$1,244.30	\$1,072.80	\$1,792.06	\$1,083.23	\$1,809.54	\$284.51
Otsego	\$627.15	\$1,254.31	\$1,086.21	\$1,805.36	\$1,096.64	\$1,822.84	\$285.21
Putnam	\$689.57	\$1,379.15	\$1,172.28	\$1,965.29	\$1,207.45	\$2,024.25	\$284.10
Queens	\$575.18	\$1,150.36	\$977.81	\$1,639.27	\$1,004.82	\$1,684.56	\$236.97
Rensselaer	\$546.26	\$1,092.53	\$939.58	\$1,568.12	\$947.35	\$1,581.16	\$235.44
Richmond	\$575.18	\$1,150.36	\$977.81	\$1,639.27	\$1,004.82	\$1,684.56	\$236.97
Rockland	\$587.69	\$1,175.39	\$999.08	\$1,674.94	\$1,007.13	\$1,688.44	\$246.32
Saratoga	\$546.26	\$1,092.53	\$939.58	\$1,568.12	\$947.35	\$1,581.16	\$240.19
Schenectady	\$546.26	\$1,092.53	\$939.58	\$1,568.12	\$947.35	\$1,581.16	\$240.19
Schoharie	\$557.15	\$1,114.31	\$967.67	\$1,606.27	\$976.90	\$1,621.75	\$268.51
Schuyler	\$641.21	\$1,282.43	\$1,110.22	\$1,845.53	\$1,130.48	\$1,879.50	\$301.30
Seneca	\$482.19	\$964.38	\$839.64	\$1,392.08	\$847.59	\$1,405.43	\$217.39
St. Lawrence	\$627.15	\$1,254.31	\$1,086.21	\$1,805.36	\$1,096.64	\$1,822.84	\$285.21
Steuben	\$637.36	\$1,274.73	\$1,103.68	\$1,834.56	\$1,114.28	\$1,852.33	\$289.68
Suffolk	\$587.69	\$1,175.39	\$999.08	\$1,674.94	\$1,004.82	\$1,684.56	\$249.33
Sullivan	\$689.57	\$1,379.15	\$1,172.28	\$1,965.29	\$1,207.45	\$2,024.25	\$284.10
Tioga	\$637.36	\$1,274.73	\$1,103.68	\$1,834.56	\$1,114.28	\$1,852.33	\$289.68
Tompkins	\$636.38	\$1,272.77	\$1,097.71	\$1,833.52	\$1,117.97	\$1,867.49	\$300.60
Ulster	\$689.57	\$1,379.15	\$1,172.28	\$1,965.29	\$1,207.45	\$2,024.25	\$284.10
Warren	\$546.26	\$1,092.53	\$939.58	\$1,568.12	\$947.35	\$1,581.16	\$240.19
Washington	\$547.78	\$1,095.57	\$951.74	\$1,579.57	\$959.51	\$1,592.61	\$245.69
Wayne	\$482.19	\$964.38	\$839.64	\$1,392.08	\$847.59	\$1,405.43	\$228.14
Westchester	\$587.69	\$1,175.39	\$999.08	\$1,674.94	\$1,007.13	\$1,688.44	\$246.32
Wyoming	\$508.98	\$1,017.96	\$884.45	\$1,467.78	\$892.88	\$1,481.91	\$244.07
Yates	\$482.19	\$964.38	\$839.64	\$1,392.08	\$847.59	\$1,405.43	\$217.39

\* Kantite lajan pa Mwa pou Pèman Asirans Timoun Sèlman an se pri pa timoun, jiska twa (3) timoun, pou timoun ki poko genyen 21 lane. Si se yon sèl timoun ki nan asirans kay la, itilize Kantite Lajan pa Mwa pou Pèman Asirans la ki endike a. Si se sèlman de (2) timoun ki nan asirans kay la, multipliyè Kantite Lajan pa Mwa pou Pèman Asirans Timoun Sèlman an pa 2. Si se twa timoun ki nan asirans kay la, multipliyè Kantite Lajan pa Mwa pou Pèman Asirans Timoun Sèlman an pa 3.

## **AVI KONSENAN REGLEMAN KONT DISKRIMINASYON**

NY State of Health konfòme ak lwa Federal konsènan dwa sivil ak lwa Eta a epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sivil/sityasyon famiyal, andikap, kazyè jidisyè, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay ak/oswa vanjans.

Si ou panse NY State of Health fè diskriminasyon avèk ou, ou kapab depoze yon plent nan: [www.health.ny.gov/regulations/discrimination\\_complaints/](http://www.health.ny.gov/regulations/discrimination_complaints/) oswa voye imèl bay Diversity Management Office nan [DMO@health.ny.gov](mailto:DMO@health.ny.gov).

Ou ka depoze plent dwa sivil tou nan Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal, Biwo pou Dwa Sivil Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights) pa mwayen elektwonik nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/smartscreen/main.jsf> oswa pa lapòs oswa rele U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, SW, Room 509F, HHH Building, Washington, D.C. 20201; 1-800-368-1019 (TTY: 1-800-537-7697). Fòm pou plent yo disponib sou [www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html](http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html).

### **Aranjman**

NY State of Health ofri èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou kominike avèk nou byen, tankou:

- Telefòn tèks (Text Telephone, TTY) atravè Sèvis Relè nan New York
- Si ou avèg oswa ou gen gwo pwoblem vizyon epi ou bezwen avi yo oswa lòt materyèl ekri nan yon lòt fòm (gwo ekriti, odyo oswa done nan CD, oswa Braille), kontakte nou nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).

NY State of Health ofri sèvis asistans lang gratis tou pou moun Anglè pa lang natifnatal yo, tankou:

- Entèprèt kalifye
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo oswa pou plis enfòmasyon pou Aranjman ki Rezonab, tanpri rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).